दिन–मंगलवार दिनांक–24.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार बिहार सहित चारि राज्य मे तीन मल्टीट्रैकिंग रेल परियोजना के स्वीकृती देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे आइ भेल केन्द्रीय कैबिनेटक बैसार मे ई प्रस्ताव के लेल गेल। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव कैबिनेटक निर्णयक जनतब दैत जनौलनि जे ई तीनु रेल परियोजना के बनला सँ रेल नेटवर्कक विस्तार होयत। ओ जनौलनि जे गतिशक्ति राष्ट्रीय मास्टर प्लान मे ई परियोजना के पूरा कयल जायत।

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्रक आइ सोलहम दिन रहल। विधानसभाक कार्यवाही आइ हल्ला–गुल्लाक संग शुरू भेल। पटना मे चौकीदार सभ पर भेल लाठीचार्जक घटना के लऽकऽ विपक्षी सदस्य सभ सदन मे चर्चाक मांग कयलनि, जाहि सँ सत्ता पक्ष आओर विपक्ष आमाने–सामने आबि गेलाह। एहि बिच राजदक भाई बिरेन्द्र आओर आनो–आन सदस्य सभ बेल मे आबि कऽ हल्ला–गुल्ला करऽ लगलाह। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार हस्ताक्षेपक बाद सदनक कार्यवाही चलल। आगु बढ़ौलनि। संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे सरकार कोनो प्रदर्शन पर रोक नहि लगौलक अछि। ओ जनौलनि जे जायज मांग पर विचार कयल जायत। एहि सँ पहिने विधानसभाक बाहर राजद सदस्य सभ ई मुद्दा के लऽकऽ हंगामा कयलनि। भोजनावकाशक बाद सदन मे विधायी काज निपटाओल गेल। सदन तकनीकी सेवा आयोग संसोधन विधेयक, बिहार कर्मचारी चयन आयोग विधेयक आओर बिहार नगरपालिका संसोधन विधेयक दू हजार छब्बीस के पारित कऽ देलक।

---

राज्य सरकार जनौलक अछि जे आपदा प्रबंधन के असरिदार बनेबाक लेल एहि के पाठ्यक्रमक हिस्सा बनाओल जायत। शिक्षा मंत्री सुनील कुमार विधानसभा मे माकपाक अजय कुमारक प्रश्नक जवाब दैत जनौलनि जे डिजास्टर मैंनेजमेंटक पढ़ाई सभ शिक्षण संस्थान मे होयत। ओ सदन के सेहो जनौलनि जे प्रदेशक सभ विद्यालय मे चालीस करोड़ टाकाक लागति सँ सेनेट्री पैड वेंडिंग मशीन लगाओल जायत।

———————————————————————

विधान परिषदक कार्यवाही मे कांग्रेस पार्षद मदन मोहन झा आइ सदन मे ए.एन.एम कर्मी सभक वेतन भोगतानक मुद्दा उठौलनि। एहि पर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे सात हजार तीन सय तैतीस ए.एन.एम मे सँ पैंसठि सय कर्मी सभक वेतन भोगतान कऽ देल गेल अछि आओर बाकी कर्मी सभ के शीघ्रहिं भोगतान कऽ देल जायत।

———————————————————————

मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार देश मे त्रुटिरहित मतदाता सूची पर जोर दैत जनौलनि अछि जे ई लोकतंत्रक आधारशिला अछि। श्री कुमार आइ नव दिल्लीक भारत मंडपम् मे निर्वाचन आयोग आओर राज्य चुनाव आयुक्त सभक राष्ट्रीय गोलमेज सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। मुख्य निर्वाचन आयुक्त जनौलनि जे सभ पात्र मतदाता सभ के मतदाता सूची मे शामिल करब आओर अपात्र मतदाता सभ के एहि सँ बाहर रखबाक लेल विशेष गहन पुनरीक्षण– एसआईआर शुरू कयल गेल छल। ओ जनौलनि जे ई काज बिहार मे शुरू कयल गेल छल जे निक सँ संपन्न भेल। मुख्म निर्वाचन आयुक्त जनौलनि जे आब निर्वाचन आयोग आओर राज्य चुनाव आयोगक बीच बढ़िया तालमेल बनेबाक समय आबि गेल अछि। ई सम्मेलन मे चुनावी काज के मजगूत करबाक संग–संग प्रद्योगिकी, ईवीएम आओर मतदाता सूची के साझा करय पर चर्चा कयल गेल। ई सम्मेलन सत्ताईस बरखक बाद भेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे जनगणनाक पहिल चरण मे घर–मकान गिनबाक काज कयल जायत। एकर बाद सत्रह अप्रैल सँ मोबाईल ऐपक माध्यम सँ स्वगणनाक काज शुरू होयत। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत जनौलनि जे दू मई सँ घर–घर सर्वेक्षणक काज शुरू कयल जायत। श्री अमृत आइ पटना मे भारतक जनगणना दू हजार सत्ताईस के करेबाक लेल भेल राज्यस्तरीय एक दिवसीय प्रशिक्षण सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ सम्मेलन मे आयल अधिकारी सभ के पूरा टीम भावना, सर्तकता आओर पारदर्शिताक संग जनगणनाक काज पूरा करबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह काल्हि तीन दिवसीय दौरा पर बिहार आबि रहल छथि। ओ अपराह्न चारि बजे पूर्णियां जयताह आओर किशनगंज मे समीक्षा बैसार मे रहताह। एहि बीच श्री शाह राज्यक सीमा सँ सटल जिला सभ मे सुरक्षा उपाय, प्रशासनिक तैयारी आओर कतेको विकास परियोजनाक समीक्षा करताह। केन्द्रीय गृह मंत्री भारत–नेपाल सीमा सँ लागल क्षेत्र मे सुरक्षा–व्यवस्था के देखैत अधिकारी सभक संग बैसार सेहो करताह।

———————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ दरभंगा मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगीक दिवंगत माइ राधा देवी सरावगी के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन सेहो श्रद्धांजलि सभा मे भाग लेलनि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय सहित कतेको गणमान्य लोकसभ श्रद्धांजलि सभा मे छलाह।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक मझौलिया थानाक जबकटिया आओर बैठनिया गाम मे पुलिस छापा मारि कऽ तीन साईबर अपराधी के कतेको एटीएम कार्ड आओर कतेको बैंकक पासबुकक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

मधुबनी जिलाक लदनिया थानाक गजहरा गाम मे भेल डकैतीक मुख्य अभियुक्त अमर कुमार पासवान के पुलिसक जनतब पर नेपालक पुलिस गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त